# Арқайынлыққа берилиў керек емес!

**Ҳүрметли Ўатанласлар!**

Белгили болғанындай ҳәзирги ўақытта елимизде коронавирус инфекциясы тарқалыўының алдын алыў, оған қарсы кескин илажлар көриў бойынша көлемли илажлар әмелге асырылмақта.

Image not found or type unknown

Әҳмийетли тәрепи, ғалабалық түрде көрилген усы оператив илажлар өз нәтийжесин берип, коронавирус инфекциясынан емленген пуқаралардың саны күннен күнге артып бармақта.

Денсаўлықты сақлаў министрлиги (2020-жыл 13-май ҳалатына) берген мағлыўматқа көре бүгинги күнге келип Өзбекстан Республикасндағы коронавирус инфекциясын жуқтырған жәми 2568 пуқарадан 2055 си шыпа тапты.

Image not found or type unknown

Ҳүрметли Президентимиздиң басламамлары тийкарында Республикалық арнаўлы комиссияның қарарлары менен мине, избе-изликте карантин қағыйдалары да жумсартылмақта.

Атап айтқанда, Республикадағы ислеп шығарыў менен шуғыланыўшы кәрханалардың жумысы толығы менен қайта тикленип, айырым турмыслық хызмет көрсетиў орынлары өз жумысын баслады. Мәмлекетлик автотранспортлар менен бирге жеке автотранспортлардың белгиленген тәртипте ҳәрекетлениўи жолға қойылды.

Image not found or type unknown

**Ҳүрметли пуқаралар!**

Деген менен, арқайынлыққа берилиўге болмайды! Бул дегени, биз қәўипти пүткиллей жеңип өттик дегени емес. Себеби, корнавирус инфекциясы анықланған 500 ден аслам пуқара еле толық шыпа таппады ҳәм бул санлардың да артып кетпеўине ҳеш ким кепиллик бере алмайды. Бәри өзимизге байланыслы. Биз әмелдеги карантин қағыйдаларына толық әмел еткен ҳалда ғана өзимизди ҳәм сол арқалы өзгелерди сақлап қала аламыз.

Әйне пайытта  Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы, Денсаўлықты сақлаў министрлиги, Ишки ислер министрлиги ҳәм Айрықша жағдайлар министрлиги сыяқлы басқа да жуўапкер органлар тәрепинен елимизге коронавирус инфекциясының кирип келиўи ҳәм оның тарқалыўының алдын алыў, оған қарсы кескин илажлар көриў бойынша көлемли жумыслар алып барылмақта.

Image not found or type unknown

Атап өтилген тийисли тараў ўәкиллери күни-түни Сизиң денсаўлығыңыз ушын өзлериниң денсаўлығын қәўип-қәтер астында қалдырып, тынымсыз гүрес алып бармақта.

Тилекке қарсы, жәмийетимизде Ғалаба хабар қураллары тәрепинен коронавирус инфекциясының аянышлы ақыбетлери ҳәм оның алдын алыў бойынша карантин қағыйдаларына қатаң әмел етиў зәрүрлиги ҳаққында күни-түни жәрияланып атырған үгит-нәсият жумысларына қарамастан, айырым пуқараларымыз тәрепинен әмелдеги қағыйдаларды бузыў ҳалатлары ушыраспақта.

Сыр емес, саўда орынларында ҳәм дәриханаларда аралық сақламастан тығызлық пайда етиў, турақ жайлар әтирапында ҳәм көшелерде нықапсыз жүриў жағдайларының  бақланып атырғаны бар гәп.

**Ҳүрметли кәсиплеслер, барлық түрдеги Ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери!**

Бәринен бурын, Сизиң Елимиздиң басына туўып турған сынақлы демлерде Ҳүкимет тәрепинен әмелге асырылып атырған оператив илажларды жәмийетшилигимизге өз ўақтында жеткерип, халқымызды қырағылыққа шақырып, руўхыйлығын көтериўдеги дөретиўшилик мийнетлериңизди жоқары қәдирлеймиз.

Жоқарыдағы ҳалатларды инабатқа алып, қыйын қыстаўлы демлердиң соңы көринип турған бир пайытта халқымызды карантин қағыйдаларына сабыр тақат пенен әмел етиўге шақырыўдағы үгит-нәсият жумысларын алып барыўда буннан былай да бирге ислесиўге шақыраман.

Чаржаубай Елмуратов

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Баспасөз хаткери